# «Нæй æрмæст номæй ирон - уарз дæ бæстæ, де взаг зон!»

***Зындгонд адæмы хъуыдытæ***

**Сарæзта йæ Дзуарыхъæуы скъолайы библиотекæйы кусæг Хæуытаты Мирæ.**

**Дзуарыхъæу**
**2018аз.**

**Дзур - иу, дзур иронау, кæд ирон дæ, уæд!**
**Иры намыс,йе гъдау мин азы цæрæд.**
**Дзур - иу, дзур иронау, кæд ирон дæ, уæд…**
**Ды иронæй ацæр, буц куыд уой дæуæй.**
**Лæг цы тугæй равзæрд, уымæн ивæн нæй.**
**Адæмы хсæн ма уæд Иры кад дæлдæр –**
**Тох, фæдис кæм хъæуа, - уым ирон лæгдæр.**
**Хæсты арт – фæндæгтыл сыгъд, хæцыд ирон,**
**Уæд ирон æвзагыл стыр зæрдæ куыд уон?!**
**Ир - Алантæн се взаг – æрдзæй лæвæрд ном.**
**Аскъуыд, зæгъгæ, уый таг – нал и уæд ирон…**

**Сидахъты Симон.**

«Бǽстǽтǽм байхъус: кǽд ǽмǽ дзы фыдǽлты ныхас, фыдǽлты зарǽг нǽ хъуысы, уǽд уый зон ǽмǽ уыцы адǽм Хуыцауы фарнǽй арфǽгонд нǽ фесты. Фарн та баргǽ у, адǽмǽн сǽ мадǽлон ǽвзаг ǽмǽ сǽ фыдǽлты сфǽлдисгǽ хǽзнатǽ сǽ зǽрдǽты цас арф ǽвǽрд сты, уымǽй.»

Ǽфсарм ǽмǽ ǽгъдау кǽм уа, фарн дǽр уыцы къонайы ǽрфысым кǽны.

Кǽм цǽрǽм, кǽм цǽуǽм ǽмǽ кǽм бадǽм, уым сǽфт макуы уǽнт нǽ мадǽлон ǽвзаг ǽмǽ нǽ фыдǽлты хорз ǽгъдǽуттǽ.

Ирон æвзаг уыйбæрц хъæздыг у, æмæ йыл ис цыфæнды хъуыды дæр зæгъæн.

Абайты Васо.

Бæлас акæлы, йæ уидæгтæ йын
зæххæй куы стонай, уæд.
Взаг амæлы, йæ уидæгтæ йын бинонты
æхсæн куы сыскъуынай, уæд.
Уымæ гæсгæ, ирон лæг, де взаг
хъахъхъæн дæ бинонты æхсæн.

**Абайты Васо.**

«Дæ зæрдæйы бынæй цы бæстæйы уарзыс,
Гъе уый у дæ хъысмæт, дæ ном.
Ирон дзырд у махæн нæ фыдæлты намыс,
Ирон дзырд - нæ Иры цæсгом…
Ирон дзырд, мæ хуртæ, æнусты цæргæс у,
Цæй рагæй йæ агуырдтон æз!
Ирон дзырд, ирон дзырд… Уый мады æнгæс у.
Ирон дзырд- Хуыцауы хъæлæс.
Ирон дзырд у Хурдзæсгом, зæххыл нæ цуды,
У арв та йæ базырты бар.
Уый уалдзыгон бонау йæ мидбылты худы,
Уый гом кæны зæрдæйы дуар».

Чеджемты æхсар.

Национ ǽвзагǽн дǽр ǽмǽ национ литературǽйǽн дǽр сǽ ахадындзинад уǽд стыхджын вǽййы, ǽмǽ уыцы нацитǽн сǽ фǽллойгǽнǽг дзыллǽты ǽхсǽн куы рǽза, куы тыхджындǽр кǽна химбарынад ǽмǽ культурǽмǽ тырнындзинад.

Гǽдиаты Цомахъ.

**«О, мадæлон æвзаг, дæуæн та цы зæгъон!**
**Дæу аккаг хæзна дзырд зæххы цъарыл нæй,**
**Мæ уды быцъынæг куы хауа мæ хъуырæй,**
**Уæддæр дæ æвдадзыл нæ акæнин уæй.**
**Куыннæ ис дунейы æвзæгтæ та бирæ,**
**Къуымыхдæр  дзы се хсæн иу иннæмæй нæу.**
**Мæ мадæлон æвзаг, хæрын дын ыстыр ард**
**Æз сеппæтыл иумæ нæ баивин дæу!**
**Æнæ дæу æз уаин куысыфтæгау афтид,**
**Цæрдуыдæй дын мардау æз уаин фынæй.**
**Мæн сусæны хур дæр æнæ дæу нæ тавид.**
**О, мадæлон æвзаг, цæй диссаг дæ, цæй!»**

Ирон æвзаг рагон æмæ тынг рæсугъд
æвзаг у, бирæ бакастдæн уый тыххæй.
Гъе, стæй йæм куы хъусай, уæд ын
æвæджиауы мелодии ис, æмæ йын
куыд ис æнæ уарзгæ?
Мадæлон æвзаг чи нæ уарзы,
уый йæ национ культурæйæ æнæ хай у…

Уайльт, Великобритани

# 15 май
# Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон.

**Ирыстоны адæмы æмзонд, æмзæрдæ чи кæны, уыцы национ бæрæгбон у ǽмǽ йын уымǽ гǽсгǽ ис сǽрмагонд схонǽн.**
**Ирон адǽмǽн хуры скастау уыд 2003-ǽм азы Ирон ǽвзаджы бон фǽфǽтк кǽныны охыл республикǽйы Президент Дзасохты Алыксандыры сǽрмагонд Указы фǽзынд мыхуыры.**
**Уǽлдайдǽр та уымǽн, ǽмǽ уый, символикон ǽгъдауǽй, баст ǽрцыд, Къостайы «Ирон фǽндыр» джиппы уагъд куы рцыд, уыцы бонимǽ – фынддǽсǽм майимǽ.**

«О, мадæлон æвзаг, дæуæн та цы зæгъон!
Дæу аккаг хæзна дзырд зæххы цъарыл нæй,
Мæ уды быцъынæг куы хауа мæ хъуырæй,
Уæддæр дæ æвдадзыл нæ акæнин уæй.
Куыннæ ис дунейы æвзæгтæ та бирæ,
Къуымыхдæр дзы се хсæн иу иннæмæй нæу.
Мæ мадæлон æвзаг, хæрын дын ыстыр ард
Æз сеппæтыл иумæ нæ баивин дæу!
Æнæ дæу æз уаин куысыфтæгау афтид,
Цæрдуыдæй дын мардау æз уаин фынæй.
Мæн сусæны хур дæр æнæ дæу нæ тавид.
О, мадæлон æвзаг, цæй диссаг дæ, цæй!»

**Мадǽлон ǽвзаг зонын ǽмǽ уарзын у райгуырǽн бǽстǽ зонын ǽмǽ уарзыны ǽвдисǽн.**

Чеджемты Ǽхсар.

Бæлас акæлы, йæ уидæгтæ йын
зæххæй куы стонай, уæд.
Взаг амæлы, йæ уидæгтæ йын бинонты
æхсæн куы сыскъуынай, уæд.
Уымæ гæсгæ, ирон лæг, де взаг хъахъхъæн
дæ бинонты æхсæн.

**Абайты Васо.**

«Куыд хорз,
куыд кадджын дæ
мæ цæсты,
нæ ирон мадæлон
æвзаг!»

Нæ Иры иронæй кæмæ ис æгъдау,
Уый хизæд фыдбонæй, фыдмастæй Хуыцау.
Ирыстон йæ цæсты кæмæн нæу æгад,
Ирыстон нæ бæсты кæмæн у йæ мад,
Йæ бæстæ йæ мадау кæмæн у зынаргъ,
Кæмæ кæсы кадау, Ирыстон дæ уаргъ.
æгъдауæй, æвзагæй нæм чи у ирон,-
Ирыстоны рагæй нæ халы йæ рон.
Нæ Иры иронæй кæмæ ис æгъдау,
Уый хизæд фыдбонæй,
фыдмастæй Хуыцау!

Илас Мызуон.

Ирон æвзаг рагон æмæ тынг рæсугъд
æвзаг у, бирæ бакастдæн уый тыххæй.
Гъе, стæй йæм куы хъусай, уæд ын
æвæджиауы мелодии ис, æмæ йын
куыд ис æнæ уарзгæ?
Мадæлон æвзаг чи нæ уарзы,
уый йæ национ культурæйæ æнæ хай у…

Уайльт, Великобритани

Нæй æрмæст
номæй ирон
-
уарз  дæ бæстæ,
де взаг зон!